

REGINPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . .	f 6,-	} njoewoen ka-
1/2 " . . . . .	f 3,-	
3 woelan . . . . .	f 1,50	bajar roemijn.
Kéng mbajar saben woelan		
RAGAD ADVERTENTIE:		
1 katja . . . . .	f 36,-	
1/2 " . . . . .	f 18,65,-	
1/4 " . . . . .	9,75,-	
1/8 " . . . . .	f 5,25,-	
Saladjengipoen: saben 1 cm <sup>2</sup> . . . . .	f 0,03;	
sekedik - kedikipoen: f 1,50.		
Kabar premili alit - alitan: f 1,-		
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijn kalijan administratie.		

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

### MOSI SOERASA.

(NJOEWOEN INDAKING PAMOELANGAN GOEPERMÈN).

Wonten ing Raad Kawaela, warga R. P. Soerasa ngadjengaken mosi njoewoen indaking pamoelangan openbaar. Kanti alasan bilih onderwijs politiek - ipoen nagari, kedah ngèngéti kawaela ingkang sapérangan ageng boten kristen. Makaten oegi kawaela pijambak dèrèng saged njekapi kabetahanipoen algeem ontwikkelend lager onderwijs.

Sadérèk Soerasa mastani manawi onderwijs, kanggé propaganda kristen. Babagan poenika tjeta' sanget, nitik wontenipoen tjiang Islam boten poeroen nglebetaken anakipoen dateng pamoelangan Kristen. Spr. boten njoewoen indaking pamoelangan Islam, nangging njoewoen indaking pamoelangan openbaar. Makaten oegi mastani manawi saben tjiang Islam ingkang ngretos dateng tegesipoen Christelijk Onderwijs, temtoe badé wonten sawingkingipoen mosi poenika.

— 0 —

Mosi poenika sadjatosipoen asal saking Sad. H. Soetadi ingkang samangké sampoen lèrèh saking Pejdambon. Mèh saben parepatan Raad Kawaela sadérèk H. Soetadi njoengoelaken rembag poenika, ingkang kateroesaken déning sadérèk Soerasa kabantoe déning sadérèk Dwidjaséwaja, Fournier lan Stokvis.

Gagandéngan kalijan rembag poenika warga Raad Kawaela Tw. Van Helsdingen goemoen dateng mosi poenika, djer ing rikoe kaseboetakan ingkang soeraoisipoen kawaelo badé ngoedi soepados saged ngadanabagan pangadjaran pijambak, djeboel ing poengkasanipoen njoewoen indaking pamoelangan openbaar; Kawontenan ingkang boten laras. Kilap ta manawi bab poenika mligi katoedjokaken dateng Christelijk lan neutraal onderwijs. Makaten oegi mastani boten leres jén tjiang Islam badé wonten sawingkingipoen mosi poenika. Ingkang voorstel pijambak (Sad. Soetadi) njekolahken anakipoen dateng pamoelangan Kristen.

Tw. Van Mook boten njaroe-djoeki dateng mosi poenika; djalaran tjalor saged ndjalari kiranging subsidie dateng bijzonder onderwijs ingkang toendonipoen saged dados korat-karit, adamel bingoeng. Kadawati poenika oegi saged ngerem dateng pangadjaran ingkang katata mawi dadasar wétanan.

Tw. De Dreu mastani bilih prakawis agami poenika dados haking kutumba. Tjiang sepoeh gadah kamaridikan milih pamoelangan kanggé anakipoen. Spr. ngraos kawratan manawi kawaela ing wekdal samangké kapeksa njakolahken anakipoen dateng pamoelangan Kristen. Kaoetamèn oemoem poenika saged kalebetaken kanti sampoerna wonten ing pamoelangan openbaar.

— 0 —

Para maos!! Sad. Soerasa ngadjengaken mosinipoen sad. Soetadi ingkang kaadjengaken kala tanggal 2 Augustus th. 1930. Rèhning mosi waoe asal saking Soetadi kados boten wonten awonipoen manawi koela njoeplik sosorahipoen sadérèk Soetadi wonten ing parepatan Raad Kawaela taoen kapengker, soepados saja gamblang kados-poendi filmipoen, prakawis poenika.

Wonten ing tn. Islam poenika, wadjib manawi pamaréntah maringi pangadjaran ingkang dasar Islam, oetawi apesipoen pangadjaran ingkang dasar neutral. Nangging sampoen ladjeng Christelijk Onderwijs. Poeroenipoen ra'iat nglebetaken anakipoen dateng pamoelangan Kristen poenika kabekta saking kapèpèt, betah sanget.

Rede Soetadèn waoe kasambetan déning warga Raad Kawaela tw. Van Helsdingen makaten.

Koela ngakeni dateng pangadjanipoen sad. Soetadi poenika, bilih kawaela angènipoen nglebet-

aken anakipoen dateng pamoelangan Kristen poenika namoeng mligi ngangsoe kawroeh, prakawis agami kapanggih wingking. Nangging poenapa sababipoen déné pamoelangan partikelir kebak moeridipoen, terkadang pamoelangan - pamoelangan Negari ngroewis djiwanipoen. Poe-napa boten margi bijzondere scholen langkoeng dipoenadjangi tinimbang openbare scholen, Katah para tjiang sepoeh ingkang marem sanget nglebetaken anakipoen dateng pamoelangan Kristen. Roemijn ing nagari Walandi katah ingkang boten njaroe-djoeki dateng wontenipoen bijzonder onderwijs. (Nangging sapoenika kosok - wangsoel sanget Hcl.). Conclusie saking parepatanipoen Ned. Indisch Genootschap ingkang salaminipoen barang proesan poenika boten saé. Ingatasipoen poenika nagari saenipoen namoeng noeloeng samangsa kawaela pijambak dèrèng saged njampeti kabetahanipoen. Jén kawaela-sampoen wiwit briuk-briuk toemandang, kedah kabantoe ngantos sampaernanipoen. Nagari koewadibian mitoeloengi ndjangkepi kekiranganipoen maatschappij alit-alit i. p. kutumba. Babagan panggoela-wentah ingkang mawi tjara warni-warni poenika pantjen sampoen dados betahing pradja alit-alit waoe.

Gligaping wekdal samangké poenika sampoen anedahaken dateng kita kanti tjeta manawi kawaela Indonesia ngadjengi dateng pamoelangan bijzonder. Manoet pangandikanipoen Tw. Van Helsdingen, ingkang voorstel neda indaking pamoelangan openbaar pijambak njakolahken anakipoen dateng pamoelangan Kristen. Loo, kok anéh. Kok boten konsekwen namanipoen. Poenapa inggil margi kepèpèt? Poenapa margi boten katampi wonten ing pamoelangan Goepermèn? Oegi mokall Kados manawi tw. Soetadi nglebetaken poetranipoen dateng pamoelangan Goepermèn, temtoe katampinipoen. Oepami mekanika boten katampi, apesipoen manawi sadérèk Soetadi konsekwen dateng pangandikanipoen, temtoe poetranipoen waoe kalebetaken dateng pamoelangan Islam, awit pandjene-nganipoen kala taoen kapengker ngandikka manawi saenipoen nagari maringana pangadjaran dateng anak Indonesia onderwijs Islam. Poenapa margi tebih? Kilap. Djer jén koela boten kasoepèn, dalemipoen sadérèk Soetadi poenika tjalak kalian pamoelangan Kristen, radi tebih kalian pamoelangan Islam. Nangging kok inggil anéh manawi namoeng alasán tebih. Loetjoe! Poenapa jén makaten poenika sadérèk Soetadi boten gadah kajakinan ndjawi nglebet manawi pangadjaran ing pamoelangan Kristen notjogi lan karsanipoen; djer peken Soerakarta kebak dasarpan panggoela-wentah, Taman Siswa wonten Mohammadiyah katah, Neutraal wonten, Goepermèn idem, Protestant, Katholieke inggil soedija!! Sanadjan Sad. Soetadi lésanipoen angemohi dateng Christelijk onderwijs, nangging boektinipoen . . . . . saged katingal tjeta. Koela inggil gadah kajakinan manawi katah para prijantoon kados sadérèk Soetadi. Koela gadah kajakinan oegi manawi mosi waoe boten sapinten dajanipoen. Boekti! Poenapa sadérèk Soetadi sampoen dados Kristien?

Tjekak, kaantepan Katholieke, ngakeni bilih panggoela-wentah makaten haking tjiang sepoeh, sanès monoplining Paréntah. Pamaréntah kecadah ngakeni dateng kaantepan Kawaela Indonesia ingkang mawarni-warni poenika. Pamaréntah kedah mbantoe dateng iniatief partikelir. Makaten oegi gandeng kalian poenapa ingkang sampoen toemindak ing nagari mantja, koela jakin manawi ra'iat saja madjeng, pamoelangan openbaar saja soeda, kirang padjeng, inggil kabekta ra'iat badé ndidik anakipoen mawi dasar kaantepanipoen, makaten oegi ngèngéti kamardikan anggoela-wentah poetra. Kajakinan koela dateng bagan poenika ageng sanget. Saja kanggé tanah Indonesia ingkang prakawis pangadjaran taksih sakedik sanget poenika, toer wonten sago-

malih, oepami Universiteit, makaten oegi golongan sanès - sanésipoen. Golongan-golongan kawoela ing Indonesia, sampoen katingal tjeta wéla-wéla manawi kapéngin gadah pamoelangan ingkang tjetjog kalijan dadasar ingkang dipoenroengkebi. Kadawati poenika ngèngéti babagan poenika pantjen dados haking tjiang sepoeh; tjiang sepoeh ingkang koewadibian milihaken papan kanggé sinaoe anakipoen, dados boten kok ladjeng „iki looooooo panggonané nggoela wentah anakmoe.“ Koedoe tjara openbaar. Makaten poenika nama tjara proesan. Salaminipoen barang proesan poenika boten saé. Ingatasipoen poenika nagari saenipoen namoeng noeloeng samangsa kawaela pijambak dèrèng saged njampeti kabetahanipoen. Jén kawaela-sampoen wiwit briuk-briuk toemandang, kedah kabantoe ngantos sampaernanipoen. Nagari koewadibian mitoeloengi ndjangkepi kekiranganipoen maatschappij alit-alit i. p. kutumba. Babagan panggoela-wentah ingkang mawi tjara warni-warni poenika pantjen sampoen dados betahing pradja alit-alit waoe.

Gligaping wekdal samangké poenika sampoen anedahaken dateng kita kanti tjeta manawi kawaela Indonesia ngadjengi dateng pamoelangan bijzonder. Manoet pangandikanipoen Tw. Van Helsdingen, ingkang voorstel neda indaking pamoelangan openbaar pijambak njakolahken anakipoen dateng pamoelangan Kristen. Loo, kok anéh. Kok boten konsekwen namanipoen. Poenapa inggil margi kepèpèt? Poenapa margi boten katampi wonten ing pamoelangan Goepermèn? Oegi mokall Kados manawi tw. Soetadi nglebetaken poetranipoen dateng pamoelangan Goepermèn, temtoe katampinipoen. Oepami mekanika boten katampi, apesipoen manawi sadérèk Soetadi konsekwen dateng pangandikanipoen, temtoe poetranipoen waoe kalebetaken dateng pamoelangan Islam, awit pandjene-nganipoen kala taoen kapengker ngandikka manawi saenipoen nagari maringana pangadjaran dateng anak Indonesia onderwijs Islam. Poenapa margi tebih? Kilap. Djer jén koela boten kasoepèn, dalemipoen sadérèk Soetadi poenika tjalak kalian pamoelangan Kristen, radi tebih kalian pamoelangan Islam. Nangging kok inggil anéh manawi namoeng alasán tebih. Loetjoe! Poenapa jén makaten poenika sadérèk Soetadi boten gadah kajakinan ndjawi nglebet manawi pangadjaran ing pamoelangan Kristen notjogi lan karsanipoen; djer peken Soerakarta kebak dasarpan panggoela-wentah, Taman Siswa wonten Mohammadiyah katah, Neutraal wonten, Goepermèn idem, Protestant, Katholieke inggil soedija!! Sanadjan Sad. Soetadi lésanipoen angemohi dateng Christelijk onderwijs, nangging boektinipoen . . . . . saged katingal tjeta. Koela inggil gadah kajakinan manawi katah para prijantoon kados sadérèk Soetadi. Koela gadah kajakinan oegi manawi mosi waoe boten sapinten dajanipoen. Boekti! Poenapa sadérèk Soetadi sampoen dados Kristien?

Tjekak, kaantepan Katholieke, ngakeni bilih panggoela-wentah makaten haking tjiang sepoeh, sanès monoplining Paréntah. Pamaréntah kecadah ngakeni dateng kaantepan Kawaela Indonesia ingkang mawarni-warni poenika. Pamaréntah kedah mbantoe dateng iniatief partikelir. Makaten oegi gandeng kalian poenapa ingkang sampoen toemindak ing nagari mantja, koela jakin manawi ra'iat saja madjeng, pamoelangan openbaar saja soeda, kirang padjeng, inggil kabekta ra'iat badé ndidik anakipoen mawi dasar kaantepanipoen, makaten oegi ngèngéti kamardikan anggoela-wentah poetra. Kajakinan koela dateng bagan poenika ageng sanget. Saja kanggé tanah Indonesia ingkang prakawis pangadjaran taksih sakedik sanget poenika, toer wonten sago-

longan ingkang boten seneng dateng onderwijsstelsel ing pamoelangan openba.

Koela pitados manawi onderwijsactie saking golongan partikelir boten saja poentes, nangging saja mradjak. Peken Indonesia badé jasa kebak dadasaran pamoelangan. Ingkang badé toembas, kintoen milih. Poendi ingkang dipoenensengi. Barang saé badé saja laris.

Manawi koela kapareng toemoet tjaos advies dateng Pamaréntah, badé njoewoen soepados ngindaki begrooting onderwijs, soepados saged saja rikat anggènipoen ngadjengaken kawaela, sarana njoekani onderwijs ingkang njekapi, inggil jasa pijambak, nangging ingkang perloe saja sampoerna pambijantonepoen particulier initiatief; perloe kanggé angoermati kaantepaning kawaela ingkang warni-warni poenika.

Makaten pamanggihipoen: HERCULES.

### PRADJA RAHAJOE.

#### CULTUUR.

Ing djaman samangké oeger tjiang temtoe nganggé temboeng „Cultuur“. Mangga temboeng poenika manawi dipointakékaken tegesipoen, katah ingkang sami boten mangeritos. Déné kok satijanga sami nganggé, amargi temboeng waoe, kenging, dipoenwastani: „modeword.“ Sinaosa preloée sanget naliti tegesipoen temboeng waoe, mitoeroet kasoesastran (philologische uitweiding) ing riki sanès papanipoen; ing wekdal sapoenika ingkang langkoeng perloe pangangnipoen toewin adjinipoen.

Katah para prijantoon ingkang njamékaken cultuur kalijan beschaving. Makaten poenika wonten rasipoen ingkang radi mémper. Manawi mitoeroet Frater Rombouts (Historisch Paedagogiek deel I.) cultuur poenika a le, gew. vervolmaking, opwaartsvering, oe-tawvi kasampoernan, saja dedel, inggil!

Amila dipointegesaken makaten, amargi ing salebitoepen babading djaman, wiwit makina-kina, cultuur poenika temtoe angemoe teges, raos, njampoernaken, dedelakan. Mangga koela atoeri manggalih tegesipoen ing tetemboengan: „technisch-cultuur, akker-cultuur, li-chaamscultuur, verstandscultuur, wilscultuur etc.“

Déné sawarinipoen sadaja cultuur poenika ingkang inggil pijambak verstands-en wilscultuur, kenging dipoenadadosaken satoenggal, kawastanan zielecultuur. Fr. Rombouts (Hist. Paed. deel I.) amastani subjectif-cultuur. Cultuur sanès-sanésipoen dipoin-golongaken objectief-cultuur. Déné zielecultuur oetawi kasampoernan soekma waoe ingkang inggil pijambak, sampoerna pijambak. Saréhning kasampoernan poenika waoe goemanteng saking Pangéran, sinten ingkang sampoerna ngabektinipoen dateng Pangéran, inggil inggil pijambak cultuuripoen. (Hist. Paed. deel I.)

Déné manawi soekma saja tebih sakting Pangéran, saja asor cultuuripen. Saja dangoe saja itjal „subjectief-cultuur“ namoeng kiantoeng objektif-cultuur, kados ing djaman „modern - heidendom.“

Verstandscultuur saged oegi sampaerna, anangging sarehning tebih sakting Pangéran, saking Agami, timboel zedenverwilderding, 'Ajal kasingilan, amargi „kennis waarborgt geen deugd (soemerep boten ateges soesila) kalijan tetemboengan, „hoe groter geest, hoe groter beest.“ (saja wasis, saja ngéblis) katah jektosipoen.

Pramila sarehning djaman sampaenika bangsa kita Djawi katah ingkang sami ngadjengaken: „opvoeding in eigen cultuur“ panggoela-wentah mitoeroet cultuur Djawi, para prijantoon Katoelik, koela

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN.

Mosi Soerasa — Cultuur Mantja warni — saking Soerakarta — Batal kawin sabab Kristen — Ébahing djagad panggesangan padamelan — Poerwardja — Serat kintoenan — Jongeren-organisatie — Kadadjanganipoen ingkang medal ngawijat — Lair pandjenginan saweg poenika — Goetting pers — Pakempalan — Pangandika Dalem K. S. Bapa Leo XIII — Watjana maneka warna — Wawasan boekoe — Oper - sari — Correspondentie.

### GOENTINGAN PERS.

Djagad goeroe kakéngan djemparing?!

S.R.I. sampoen ngewrat oendang-oendang saking Bang Wétan kados ing ngandap poenika: No. 4001 — 32/80

Hal pegang adat istiadat kebangsaan dan kaprijajen. Lamongan, 7 Augustus 1931.

Kita memberi bertahoe, bahwa atjakali kita mendapati Goeroe - goeroe sekolah Boemipoera dari lain negeri yang menghadap kita biar di kantor, ataupun di Kaboepaten, oentoek toendjoek moeka, sebab baroesan dipindah kesekolahan 2e kl. di Regentschap Lamongan, yang tiada tahoe adat istiadat kebangsaannya dan kaprijajen seolah mereka itu doeloe ketika menjadi moerid tiada pernah mendapat pelajaran adat istiadat dari

## SAKING PAKEMPALAN.

Parepatan M. K. Afdeeling St. Aloysius Mataram.

Dawah tanggal 23-9-31. Manggén ing „Panti Siswa“ Binsaran.

Ingkang rawoeh sadaja wonten sadérék 25. Padoeka Rama Moderator oegi ndjenengi parepatan.

1. *Pamboeka*. Sadérèngpoen parepatan kabikak Pangarsa ngatoeraken soegeng rawoeh dateng sadaja ingkang sami rawoeh, sarta ngatoeraken panewoeng dateng pandjeneng-anipoen C. Soegiri ingkang sampoen karsa maringi papan minangka kangé adjangjan parepatan Parepatan ladjeng kabikak d. 9.30, kanti nglhoeoerakan asmaning Pangéran.

2. *Maos notulen*. Margi pambengipoen Panitra ingkang kadadosaken wakil sad. Soebardja. Notulen kawaos waeroes kaabsahaken.

3. *Pilihan Panitra énggal*. Margi pindahpoen sadérék Soekender, mila ladjeng ngawontenaken pilihan Panitra. Déné ingkang kapilih sadérék Soewandi.

4. *Kabar-kabar*. a) Saben woelan sapindah M. K. temteo ngawontenaken lezing, dawah ing saben Saptoe ingkang kaping kalih; mila para warga sadaja ing dinten waoe sami kasoewoen merlokaken rawoeh nenggani lan ngramekaken lezing waoe.

b) Saréhning wonten sawatawis Commisaris, ingkang ing wekdal saoenika saweg sami ngkoedi kaindakanan kasagedanipoen, ngantos mèh boten saged ngréntjangi pandamelinpoen Pangroeki arta, mila amrih lebeting arta contributie tansah saged saé, para warga ingkang boten sami katarik ing contributie sami kasoewoen maringaken pijambak dateng Penningmeester.

c) Maos serat oelean saking M. K. afd. M. Johanus Berchmans. Poenika M. K. bén-djing tanggal 20 woelan poenika badé damel excuse dateng Kalikooning, toekipoen waterleiding ing Mataram. Déné ragad resik saben tjiang satoengkal f1.25.

d) Para warga kaprajogékan mlebet lid Apostolaat des Gebeds. Zelateuripoen sadérék Soenardi.

5. *Karaméan taenan*. Béndjing December M. K. badé ngawontenaken karaméan taenan. Poenika karaméan kadamel oemoem, dadi sinten kémawon kenging nqinal, mlebetipoen mawi arta. Déné para warga sadaja kedah ndamelken kapital: saben warga kasoewoenan f0.75. Sapéranganan babaténi-poen badé kadioerengaken kangé badé adeging Gréja énggal.

6. *Oesoel<sup>2</sup> lan pitakénan*. Damel wara<sup>2</sup>, jen badé ngawontenaken lezing. Wara<sup>2</sup> waoe badé katémpélékan ing témboking Gréja: St. Jozef. St. Franciscus toewin Gréja St. Antonius, sarta oegi badé matjak ing Centraal-Katholiek.

Agenzia pantjéni-poen sampoen telas, nging saréhning wantjinipoen taksih éndjing. Kangé ngeloer wekdal sad. Soedarmar karsa medar sabda. Déné ingkang kawedaran inggih poenika bab kasagedan ngemali tjiang kanti gampil. Srananipoen, njoemerepi wawatekanipoen roemijn. Tjiang saged njoemerepi wawatekaning tjiang sanés, ingkang katal saking oelat, pratikingi lan tandang tandoek. Pamedar sabda saged madosaken margi-margi kangé sagedipoen ngemali oetawi ngladosi tjiang ingkang nggadahi salah satoenggiling wawatekan. Lezingipoen sadérék Soedarmar poenika moerakabi dateng sadérék-sadérékpoen ingkang sami mirengaken.

Woesana sasampoenipoen nampi warga énggal parepatan katoetoep dijam 11.15 kados tjaraning parepatan Kaiholiek.

M. K. er.

## MANTJA WARNI SAKING SOLO.

### Journalisten Kring.

Ing Solo madeg pakempalanipoen para „pendekar péna“ saking bangsa Tionghoa i. p. para pambante tetep saking s.s.k. Tionghoa. Menggah perloenipoen badé ngrembag prakawis ingkang perloe-perloe, ngraketak pasadérékan lan me rangi tradjang njlekoetis, poeroen dipermoerah. Sanget anjéda dateng tindakipoen para Journalist ingkang sampoen „membanggakan diri“ soemerepi artikel-ipoen dipoenpatjak. Kabaripoen inggih wonten ingkang badé ngoedi madegipoen Journa-listen Krung saking golongan Indonesier. Ngantos saoenika dèrèng kalampahan. Pantjén Solo kirang tjetjahing beroep Journalist, ingkang katal namoeng sambén Journalist.

Roemijin ing Solo wonten nijatan badé ngedegaken Indonesische persbureau ingkang tjalon katoentoen déning sad: A. Soedéwa, nangding doemoegi saoenika inggih namoeng kabar-kaboer. Sajang!!

### Studiefonds Toemboek dalem.

Studiefonds poenika pawitanipoen saking babatén peken malem Toemboek dalem I. S. ing Soerakarta; samangké sampoen katah pawitan ± F 16.500. Sampoen saged ngragadi laré sawatawis, mendet saking arta sareman. Kaangkah tansah badé teroes propaganda soepados saged saja ngegaraken elaripoen. Moegi kaboela!!

### Djagading Kaoem Berah Indonesia.

Koela tampi kabar saking moeda pangarsaning pakempalan P.V.P.N. ip. vakcentrale ambtenaar nagari, bilih ing principe P.V.P.N. badé manoenggil kalian I. V. V. Nembé wingi delegatie saking N.V.V. Tw-tw. Danz, Kuper lan Moltmaker sarasan kalian wakil P.V.P.N. toewin P.S.S.I., ngrembag saéning lampah gandeng kalian badé manoenggilipoen P.V.P.N. dateng I.V.V. waoe. Delegatie saking N.V.V. amrajogékaken manawi pakempalan toenggil damel Indonesia badé noenggil daten: I.V.V., prajogi ing Indonesia wonten Vakcentrale satotoenggal kémawon, boten kados samangké, wonten P.V.P.N. saking Ambtenaar nagari, lan wonten P.S.

S.I. saking golongan kaoem berah partikelir. Gagajoetan kalian rembag poenika, pakempalan P.V.P.N. lan P.S.S.I. andapoek stvdiecommissie ingkang kapoorih njinaoe medal margi poendi sagedipoen maenoenggilaken Vakcentrale saking golongan kaoem berah nagari kalian kaoem berah partikelir. Studiecommissie waoe kadadosan saking sadérék Hadisoetirta, moeda pangarsa P.V.P.N. toewin gedeleerdeid-lid saking V.B.P.G.H.B. wonten ing P.V.P.N. toewin Tw. Sam saking P.P.P.H. Mr. Soewana lan Roeslan saking P.S.S.I. ing Soerabaja. Kados-poendi kalampahanipoen oesoel.

### P.P.P.P.A. ngelar djaduhan.

Sanadjan P.P.P.P.A. afd: Solo oemoeri-poen dèrèng dangoe, éwasamanen inggih sampoen katingal dajanipoen. Samangké manoe kabar ingkang koela pireng sampoen saged toemoelar doemoegi Karang Anom, Pédan, Sragèn. Manoe DK. saweg naliti dateng lekasipoen ti-jang Arab ingkang atindak nista. Moegi angsalal damel. Makaten oegi margi dajanipoen P.P.P.P.A. ing Soerakarta sampoen saged dipoen-wonteni zedenpolitie.

### Djagad Goeroe.

V.B. P.G.H.B. ingkang kadadasan saking manoenggilipoen aangesloten groepsbounden O.K.S.B., P.N.S., P.G.A.S., P.G.B., H.K.S.B. lan P.G.D. sampoen rembagan sasarengan waoe menggahing standpunkt-ipoen gagandéngan kalian njati-jing pamarentah badé ngrémbak B.B.L. gagrag samangké poenika. Sakedap engkas badé ngedalaken brochure salaris actie. Manoe soerat-soerat kabar ingkang koela waos, kaeom Goeroe roemaos manawi onderbetaald. Sami neda adiling tatanan samangké poenika.

V.B. P.G.H.B. inggih badé rembagan kalian P.V.P.N. ingatasipoen prakawis poenika, perloe njaekaken verhouding kalian golongan-golongan sanés. Mangga dipoenentosi kémawon kados-poendi badé poe-toesnipoen.

### Djagad Goeroe wedalan Normaal-school.

Korat-karit. Memelas. Pakempalan toenggil damel saking kaoem Goeroe wedalan Normaal-school saweg korat-karit. Wonten ingkang saroedjoek kalian tatanan P.G.H.B. wekdal samangké, dadios ngadjengi noenggil aksie lan orgaan; wonten ingkang sanget boten senenggipon tatanan P.G.H.B. samangké ingkang kadamel satengah Unie lan satengah federatie poenika.

Ingkang boten moefakat dateng tatanan samangké poenika, kadjengipoen neda mligi federatie. Boten moefakat wontenipoen sak-orgaan lan sak-actie. Ingkang boten moefakat dateng tatanan P.G.H.B. samangké poenika sami ngempal wonten ing IGANS (Ikatan Goeroe Asal Normaal-school ingkang roemijn nama Persaudaraan). Katoentoen déning Tw. Soepardi ing Poerwakerta. Wonten malih ingkang nama P.N.M. (Persaudaraan Normaal-school Mataram). Manoe tjarijosing panoentoenipoen P.N.M. poenika pakempalan sociaal. Nangding kados-poendi njatanipoen, koela atoeri nggagapi pijambak. Malih ing Bagelen kidoi wonten pakempalanipoen sadérék Normaal-school ingkang nama P.N.B. (Perserikatan Normaal-school Bagelen).

Kabar ingkang koela pireng IGANS ingkang katoentoen déning sadérék Soepardi ing Poerwakerta ngadjak rembagan sasarengan kalian Hoof-bestuur P.N.S. ngrembag kadospoendi saéning lampah gagajoetan kalian badé njatipoen pamarentah ngrémbak B.B.L. Nangding sarehing H.B. P.N.S. sampoen rampoeng pangrembagipoen, mila ladjeng boten saged minangkani panedanipoen pangréng IGANS waoe.

Manoe kawontenan ingkang koela soemerepi ing wekdal samangké saben tjiang temtoe mastani manawi P.N.S. (pakempalanipoen toenggil damel saking Goeroe-Goeroe wedalan N.S.) saja dangoe saja ringkih, saja alit, kabeka saking wonten pepetahan waoe, djer wonten ingkang ladjeng sami ngoeboer pakempalanipoen. Malah wonten ingkang slametan njatoes dinten pedjahing pakempalanipoen. Wonten malih ingkang medjahi pakempalanipoen akanti alasan boten moefakat wontenipoen kapitaalvorming P.G.H.B. ingkang katindakan kanti kekerasan. Manawi boten notjogi kapitaalvorming badé dipoenroyer. (Nangding sadafatosipoen ingkang kados makaten waoe P.G.H.B. boten nindakaken babar pisan). Menggah sadafatosipoen P.N.S. ngambah djagad kamadjengen oegi. Samangké saged ngegaraken soewiwinipoen doemoegi buiten gewesten. Tjabangipoen tansah mindak-mindak. Grengsenging warga njenengaken. Instellingen<sup>2</sup> ing tjabang-tjabang P.N.S. maremakken.

Wonten ingkang gadah pakempalan-pakempalan njeléngi, Correspondentie Club, Pangroeki Laja, Credit Coöperatie, verbruikscoöperatie, ngarang boekoe lisp. Malah wonten ingkang badé jasa H.I.S. Béndjing poenapa inggih goeroe-goeroe wedalan N.S. saged alinggi djèdjèr-djèdjèr, boten pipisanan kados wekdal samangké poenika, soepados boten kangé goegoedjengan.

I.G.A.N.S. kalian Commissie B.B.L. Saking sadérék sepoeh, koela tam-pi serat ideran saking pangréh I.G. A.N.S. ing Poerwakerta, ingkang wosipoen soeka soemerep manawi pangréh I.G.A.N.S. sampoen ngatoeraken panjoewoenan dateng Commissie B.B.L., kaparenga toemoer rerembagan toewin atoer pamrajogi ingatasipoen prakawis badé wonten-ing éwah-éwahan blandja poenika. Panjoewoenan waoe kaparengaken.

Dados ing bén-djing saking kalian Goeroe ingkang badé madjeng wonten apes kalih golongan i.p. saking V.B.P.G. H.B. ingkang abéla ± 18.000 warga, kalian I.G. A.N.S. ingkang kilap warganipoen. Boten patos terang. Malah saged oegi P.G.H.B. Unie ing Panaraga inggih badé madjeng pijambak. Jén kalampahan makaten „soenggoeh sajeng doenia Goeroe.“ (A.J.S.).

### BATAL KAWIN SEBAB KRISTEN....

Makaten titeling pawartos ingkang koela pranggoeli wonten ing Aksi lembaran kalih (2de blad) ingkang medal 11 Septèmber 1931, kaitipik saking „Kéng Po“ ing rikoe wonen oengel-oengelanipoen makaten:



„Menoroet i soedat datang di roemahaan penghooeloe landraad mintak soepaja anaknya dinikahkan tetapi penghooeloe, se-soeda dapat tahoe K. doeloe dapat dikan dari zending school, menjatakan, K. moesti menikah pada pastoor di Betawi.“

Kadadosan ingkang kaandarakening serat kabar kaseboet inggill, ndadosaken bingahing manah koela, malah-malah koela oegi matoer noewoen dateng Kjai Pengeloe ing Tanggeran ingkang sampoen poeroen ngéngetaken dateng sadérék ingkang njimpang saking marginipoen. Moegi-moegi ing sanés panggénan sageda makaten oegi, sapitoeroeti-pon.

Koela kangé tjiang Katoelik seneng, manawi wonten sadérék koe-la ingkang mblasar wonten ingkang poeroen tjawé-tjawé angéngetaken. Namoeng kémawon émanipoen poen panjerat teka boten patos damang dateng tetemboeng Kristen inggiling, poenapa Katoelik poenapa Protéstan. Sadjak teka kirang patis makaten. Jén manoe oengel-oengelan „Zedingschool“ genah Protéstan, awit tjiang Katoelik boten naté mastani sekolah oetawi jaja-nipoen pijambak mawi temboeng „Zending“. Kadajawi saking poenika pantjén inggih boten poeroen dipoenengelaken „zending.“ Nangding manawi nitik tetemboeng „pastoor,“ saking panampi koela Katoelik, margi saking pangertos koela ingkang wonten pastoor angidjabaken poenika namoeng ing kalian Katoelik. Kilap manawi margi saking bonto koela, noen! inggih njoewoen pangapoenten. Manawi koela ngoengak woordenboekje M.J. Koenen, oenglipoen makaten: „Pastoor (hoofd e. R.K. parochie), m.; -s.“

Mila panjoewoen koela moegi manawi damel pakabaran ingkang ngéngingi golongan, koela atoeri njetakan, soepados sampoen ngantos ambingoengaken tjiang bonto ingkang kados koela poenika. Sadérék sasamponen matoer sembah séwoe noewoen.

Poen Pitjik.

### ÉKONOMI.

#### ÉBAHING DJAGAD PANGGE-SANGAN LAN PANDAMELAN.

Koela njerat poenika kanti mèsem ing baton lan ing lair, awit saleres-ipoen serie-karangan koela poenika namoeng nglariki sadérék Jén Kober, djeboel sareng koela la-riki boten ndjogéd-ndjogéd, poe-

napa wegah oetawi lingsem?

Ah, mbok bérág prijantoen, mangga mbeks, gelék lan gelas sampoen tjoemawis, sampoer tansah koela wiwir.

Satelasing mèsem koela mrengoe, awit ing boekoenipoen Goethé ingkang nama Taust, ingkang soemanding ing sikoet koela tengen wonten larikan ingkang moengel makaten:

Méphistophéles (sétan): Nein, Herr, ich find 'es dort, wie immer, herzlich schlecht.

Boten Goesti sadaja adieg kémawon, poendi-poendi kebak kangsaran.

Poenika gambaripoen mangsa saoenika. Negari bingoeng noetoep lan mbikak samboetan, najaka-pra-dja boear, poelitik peteng, roewet, boendet, konkoerèn, sami sengiti-poen.

Éwasamanten, éwasamanten, bab poenika sampoen kagalih, mangga sami midangetna dongéngipoen poen Andaja bab dadamelan, radi ngaso boten ngrembag bab beurs, koers, moratorium lss.

Kadosdéné Djakarta goemjak-goemjak wonten pasargambir<sup>\*)</sup>, ing Perantjis wonten kabingahan ageng ing madyaning ahli dadamelan, ahli mesin-mesin: sepoer ing rika wiwit katjobi mlampah mawi ban karét pompan, djiblés kados montor.

Bab poenika poen Andaja saged damang margi maos ing L'ILLIustration, kalawarti saking Paris. Ingkang ngadani bab poenika kja Michelin, soedagar ban Michelin ingkang sanget kaloka, ingkang mentas kémawon katimbalan ingkang manoeem samadijanipoen lan kabagi manoe kadoen poenapa pantesipoen, kagoenan lan padagangan kaadjengaken, tatanan kademel ndedel lan sasaminoen. Jén sadaja waoe saja moemboel, gesangipoen para kawoela inggih badé saja saé lan saja sakéjtja.

(idem)

### PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA LEO XIII.

#### I. Nagari kedah roemeksa dateng kantja alit ngoengkoeli goelongan sanès:

Tijang poenika kedah ngaosi wenenggipeno sinten kémawon, sarta Pangageng wadibj ndjagi soepados anger kawoela sampoen ngantos kétjalan wenenggipeno, sarana ndjagi amrih sampoen wonten ingkang ngrebat, tijang waoe kaeokoema. Nanging sanadjan Nagari wadibj ngreksa wenenggipeno saben kawoela, wenenggipeno kantja alit kebad langkoeng dipeno-atosaken, amargi kaeom soegih sampoen sagé ngreksa badanipoen pijambak margi gadah banda, mila boten patuh pangreksan Nagari, sareng tijang alit boten santosa margi kontjatan banda, mila inggih ndjagéka-ken pangreksan Nagari. Djalaran saking poenika Nagari kedah nglangoeng koeng katal roemeksanipoen, boten ngéntang rekaos kedah mitoeloeng para kaeom berah, djalaran kaeom berah poenika kagolong tijang ingkang kekirangan. (Rerum Novarum 15 Mei 1891)

#### II. Roemeksanipoen Nagari dateng kantja alit (berah) poenika sarana ngadjengaken karahajon oemoem (algemeen welzijn)

Ingkang langkoeng-langkoeng ngindakaken wiloedjenging Nagari inggih poenika: kalakoean saé, rara-jatan manoe pranatan ingkang leres, netepi wadjibing agami lan tindak adil, anggénipoen mikolo kabetahan oemoem samadijanipoen lan kabagi manoeem samadijanipoen lan kab

jén wit klapa poenika migoenani sanget??

O, tjobi koela atoeri mirengaken sakedap, pamirengipoen Kantjil pangesahipoen kawoelanan negari ingkang nembé dados lampahan waoe:

Kaja ngéné iki; pari sasat tanpa adjii, téla, enz. pada baé, katik nadak klangenakoe sing daksresnani diroesoehi si oeler, mangka ikoe sing kena dak djagakaké kanggo: padjeg, mbajari sekolah anak-koe, mbajar bank, enz. . . . . : „wah gék keprije polahkoe“ jén oléhkoem mbajari padjeg kasép, bank tlédor, menjang endi parankoe, apa akoe ndjoer digandjar?????

Lo, samanten! mangga sinten ingkang badé bélá soengkawa??

Prakawis nginggil; Negari inggih boten katlopém, énggal-énggal nandangi krodaning oeler keparat waoe, poenapa srananipoen, hangrampas blarak??

Saking pamirengipoen si Kantjil: wiwit karamps doemoeginipoen saged medal klapanipoen ± 3 taoen malih, awit sabibaripoen blarak karamps, klapa dalah bloeloekipoen smani gogrog; 3 taoen! poenapa boten dangee??

Ing riki panjerat kepeksa njoe-woen priksa dateng sok sintena ingkang saged paring oelar-oelar. Poenapa wonten srana - srana sanès kaggé nolak babaja waoe kadjawin gramps? Ingkang saoegi taksih radi loemajan saged medal klapanipoen?? Poenapa ingkang wadib poenapa sampoen migoenakaken srana sanès wonten ing sanés papan?? Bab poenika koela semanggakaken!

Ananging si Kantjil oegi gadah pitakanen ing salebetting manah: „Poenapa ingkang wadib oegi sampoen anggoeningani prakawis pangesahipoen kantja tani ing bawah Poerwaredja waoe?? (koela nginten sampoen); poenapa ingkang wadib kagoeng welas lan poenapa kersa ngéntengaken sasanngéniipoen kawoela waoe?? (koela nginten kersa sanget). Poenapa sampoen milih srana-srana ingkang sakinten saged njoeda soesah lan sasanngéniipoen?? Poenapa sampoen katindakaken?? (hm. ing riki Kantjil kepeksa narik ambegan, boentoet kaawetaken; o, meksa boten saged nginten-inten). Namoeng ingkang wadib pribadihingkang saged paring wangsoelan.

Boten langkoeng Kantjil ndérék noemoedji, sageda sadaja saged kalampahan kanti sakéjtja sadajipoen. \*

Soedara kita. Kantjil.

## V A R I A.

### SERAT KINTOENAN.

(Katoer soemitra Jos. P.S. Moentilan.)

Noewoen! Sareng koela maos perslag tjekkababasorah koela kawrat Sw. - Tm. no. 37 bagéjan wartos pakempan! Ing bab tjoeplikan ontran-ontran Pekalongan.... Kepksa matoer Elooo!!! Kok ragi toenteng oetang njaoer!! Mangka kadjeng koela kaggé „nglawan“ bilit tjetjongkrakan, nengenaken zelfcritiek, zelfcorrectie!!! Awit poenika wohipoen koela anggep langkoeng oetoet.

Koela natjad tindakipoen sawenéning sadérék mantja ingkang sok ngetjoelaken basa keladoek lan parémh dateng kita, koela milah-aken tijang lan golongan! Kok soemitra koela Jos. taksih ngagem „tjara“ oetang njaoer! Koela ladjeng .... matoer Elooo! Éwasamanter pamerslag pandjenengan makaten waoe, kenging koela anggé pangoengak dateng alam: lan soemanget „dingin kepala!“ Lan oegi fatsoen ing alam Journalistik.

Babasan Walandi wonten ingkang moengel: Kasoegihan ikoe soemre dening, apiking djeneng?

Woesana anggén kita, damel serat poenika boten sanès kaggé ndjangka makaten dateng Sw. - Tm. oetawi toemrap koela sageda para maos pirsa. Sanadjan boten remen koe-toek, nangking koela inggih ndjangka boten galak kados antjasipoen iboe Soedyati! (Kaoeningana!)

Taklim koela  
C. R. Reksaatmadja.

### „JONGEREN-ORGANISATIE“.

(Prakawis ingkang pantes kagagas).

Soeara Katoelik woelen Juni No. 16 ngewrat prakawis „Jongeren-organisatie“ ing P.P.K.D., ingkang dipoentanda-astani sadérék Soenardi, Bremani toewin Soetjipta. Ing ngandap ngriki koela mendet petikan saking Jongeren-organisatie waoe:

Rapat H.B. P.P.K.D. pada tanggal 31 Mei 1931 menerima oesel jang menatakan

\* Ingkang kenging sasakti oeler: ± ing onderdistrict Gebang ± 9 doesoen. kita Poerwaredja ± 2 doesoen. district Tjantjrep ± 3 doesoen. onderdistr. Bajan ± 2 doesoen. onderdistr. Poerwadadi ± 1 doesoen.

Kantjil.

\* Cursv. Specf.

soateoe Commissie terjadi oleh toeantoean: Soenardi, Soetjipto dan Bremani. Pekerjaan Commissie tersebut mengadakan pertemuan antara pemuda-pemuda Katholiek Indonesia yang bersemangat moeda seopaja dapat bertukar pikiran dari hal organisasi P.P.K.D. pada masa ini. Diperlukan itulah pemuda-pemuda diminta mengelarakan bahamna tentang P.P.K.D. dengan kemerdekaan seloës - loësnja.

Sareng „Jongeren-organisatie“ waœ koela tjetjogaken kalijan poetoetanipoen H.B. P.P.K.D. nalika tanggal 31 Mei 1931, boten tjetjog. Sadérék L. Jema, secretaris H.B. P.P.K.D. nerangaken makaten:

Karena masih banjak pemuda Katholiek Djawa yang belum masook dalam lingkoeng P.P.K.D., maka dari voestrelja tjabang P.P.K.D. Poerwakerta H.B. mengadakan seboea Commissie, terjadi dari toeantoean Poespoesotjipto, toeantoean Bremani dan toeantoean Soenardi.

Pada Commissie tersebut diserahkan, membebat propaganda diantara pemuda-pemuda Katholiek Djawa yang masih ada di luar lingkoeng P.P.K.D., agar seopaja mereka tertarik dalam kalangan P.P.K.D.

Gagajoeutan kalijan prakawis nginggil poenika koela badé medarakan pamanggih koela.

1. Sadérék titiga i.p. Soenardi, Bremani toewin Soetjipta. — Saking pamanggih koela — badé ngwontenaken jongeren-organisatie ing P.P.K.D.

2. Sadérék-sadérék kasebat waoe pantjén anggadahi hak damej jongeren-organisatie, nangking boten gadah hak njarijosaken jén H.B. netepaken Commissie ingkang kadibah damej jongeren-organisatie.

3. Koela ngertos, bilih tindakipoen sadérék tetiga kabekta saking manah soetji, saking adrengipoen badé njaékaken P.P.K.D. Ingkang makaten poenika koela aosi sanget. Nangking sanadjan makatena, koela babar pisan boten tjetjog kalijan srana sanès wonten ing sanés papan?? Bab poenika koela semanggakaken!

Ananging si Kantjil oegi gadah pitakanen ing salebetting manah: „Poenapa ingkang wadib oegi sampoen anggoeningani prakawis pangesahipoen kantja tani ing bawah Poerwaredja waoe?? (koela nginten sampoen); poenapa ingkang wadib kagoeng welas lan poenapa kersa ngéntengaken sasanngéniipoen kawoela waoe?? (koela nginten kersa sanget). Poenapa sampoen milih srana-srana ingkang sakinten saged njoeda soesah lan sasanngéniipoen?? Poenapa sampoen katindakaken?? (hm. ing riki Kantjil kepeksa narik ambegan, boentoet kaawetaken; o, meksa boten saged nginten-inten). Namoeng ingkang wadib pribadihingkang saged paring wangsoelan.

Jongeren-organisatie ing Nederland boten wonten ing salebetpoen R.K. Staatspartij lan boten toemoet-toe moet politiek (doet niet aan praktische politiek).

Nalika tanggal 27 lan 28 April 1931, R.K. Staatspartij ngwontenaken papanggihan ingkang dipoen-pangarsani minister Jhr. Mr. Ch. Ruys de Beerenbrouck wonten ing Amersfoort. Ing papanggihan poenika ingkang dipoenrembag prakawis „De Jongeren en de politiek.“ Nalika samanten Mr. André Peters tjarjis makaten:

„De Katholieke Jongeren onder de studenten stellen zich voor de oprichting van een verbond van Katholieke Jongeren, bestaande uit afdeelingen in den trant der Fransche équipes sociaux. Oprichting van een organisatie, ook maar uit de vertegenwoordiging op een politieke partij\*. ligt verre van hun bedoeling.“

Dados boten pisan-pisan ngémpéri partij politiek.

Noewoen: Spectator.

### KAMADJENGAN INGKANG MEDAL NGAWIJAT.

Kirang langkoeng saweg 10 taoenan wontenipoen toempakan ingkang medal ing djoemantara, prasasat kados Radén Katjanegara ing Pringgadani. Manoeng kawoela tijang tjetjeng leres arsing dipoenwastani „djempol“, sabab sanijati poen klajan éstoe saged kaleksanan; kadosta: batia silem (onderzeesche boot) baita oedara (vliegboot) ladjeng telefoon boten mawi kawat (Radio), sarana radio poenaka saja nggampilaken ngintownaken samoebaran pakabaran, gambar-gambar potret, bioscoop film, menjanji oetawi temboeng sagendipointen enz. Djaman kina, kita taksih dèreng padja - padja wonten spoor limrah kémamon, goemoeni poen boten kedjamak, bédé kalijan laré-laré djaman samangké, soemerep kapal oedara (montor moeloek) prasasat taxi langkoeng; kadjawa kaggé laré - laré doesoen, manawi wonten montor taksih adjirih oetawi éram, goemoen ningali pirantospoen. Sa-rehning toempakan tijang ingkang ngambah daratan, spoor, montor, dokar, speda montor oetawi limrah, sampoen dangee toer kirang rikat malih kaggé kékésahan tebih, poenapa malih mawi nglangkoengi seganten, gantos toempakan sanès, boten praoe lajar, lo! Kapal api (djong) pisan, sami dèreng marema-ken oetawi narimahaken, ladjeng jasa kaboeditaian K.L. Mij toem-pakan kapal oedara, amagi kagalih rikat toer saged ndjoedjoeg dateng tanah lapang ing kita ingkang badé

I. F. M. Gescher, — INDIESE VRAAG-STUKKEN, — H. J. Dieben, Lange Kerkdam 6, Wassenaar (Holland); regi: f 1,20

Boekoe poenika tjanttingan. (22½ c. M.X 15 c. M. Iisi 93 katja). Pangetjapipoen tjeta, mawi gambar poenapa. Namoeng kawoela panjeratipoen temboeng manoet tjara Kollewij, kados ingkang sampoen katjeta wonten sesirahing boekoe.

Isinipoen boten kawon njenengaken. Ngrembag prakawis-prakawis Indoneesia babagan sosial-ékonomi, namoeng ingkang perloe-perloe kawoela. Gampil - gampilan (populair); lan djangkep. Ingkang dipoenrembag kadosta, Opvoedingspolitiek (politiek noentoen): tjam-poering bangsa Kiléan kalijan bangsa Indoneesia andadosaken kapitonean poenapa ing babagan kasoesilan. hygiëne lss. Cultuurstelt mesté kawoela inggih kadoemoek: Landbouw (tetanén), emigratie lsp.

Toedjoenipoen boekoe poenika: soepados para maos samia ngerots lan migatasaken dateng prakawis-prakawis ing Indonesia, ingkang mligi magepokan kalijan bangsa priboemi. Swantenipoen mrinani dateng bangsa priboemi. Minanai poenika sampoen saleresipoen, nangking swanten mrinani waoe sampoen kadadosna ambaléla (oproerig, wre-

dipoendatengi, nangking kotjapa ing India Nederland ongkosipoen taksih awis sanget. Sarana montor moeloek tijang saged ngénggalaken, boten lampahing tijang kékésahan kémawon, nangking post, barang-barang, sekar-sekar saha radjakaja oetawi satoiwén enz. Ing Roeslan mandar sampoen katjopi montor moeloek kaggé njebar widjiing sabin-sabin, samenit saged angsal ± 14 bahoe wijariipoen panjebar winih waoe. Dados téteka kamadjengan ing ngawijat oegi taksih katah kaggéniipoen. Perloening - perloe bilih manoengsa poenika sampoen ladjeng soepé dateng ingkang nitahaken, ladjeng mendem kasagedan, kaloehoeran, keloedateng semat, temahan gesangipoen moespraoenrap njanipoen.

Oedjoeng — K.

### LAIR PANDJENENGAN SAWEG POENAPA?

Tijang Djawi poenika ingkang katah-katah manawi dipoentaken oemoeripoen ingkang trep, sami boten mangert. Tijang sepeo - sepeo mendet antjer - antjer lindoe ageng, redi ndjebloeg, pladoe lan sasamini-poen, witjantipeno: nalika pladoe ageng koela mentas soepit.

Masti kawoela kados makaten poenika anggénipoen niti priksa.

Wondéne laré, manawi tijang sepoehipoen taksih kolot, dipoentaken oemoeripoen pinten, ngadat boten ngertos, namoeng soemerep dintenipoen oepami Setor Paing. Poenika langkoeng anggénipoen niti priksa.

Sawenéh laré ngertos dinten kalairanipoen oepami: Rebo Pon sarta ngertos woelan lan taoenipoen amarji nama oepami Sardal tegesipoi lair ing woelan Besar, taoen Dal. Poenika kenging katiti-priksa, angger taksih wonten antjer-antjer sanès. Samangké taoen Djimawal. Poen Sardal taksih kalebet laré, lepatipoen oemoer 7 inggih 15 oetawi 23 taoen. Manoet antjer-antjer sanès saged manggih poendi oemoer ingkang leres awit oemoer tiga poenika wonten ing woedjoeding laré katingal sanget bédanipoen.

Toemrap laré anakipoen tijang kaoem moeda, limrapih lairipoen dipoen-tjatjeti mawi taoen Walandi. Saréhne boten mawi bantjakan, laré kados makaten waoe katah ingkang boten ngertos dinten poenapa lairipoen kadosta: Senén Wagé oetawi se-saminipoen. Wontenipoen ladjeng tjaar Éropa: wetonkoe 2 Maart.

Prakawis oemoer-oemoeran poenika ing golongan kota Katoe(i) kerek dadas rembag, djalaran jén laré éstri dèreng oemoer 14 taoen Walandi, laré djalar dèreng 16 taoen walandi, mangké idjeb tanpa dispensasi (idin) poenika idjebipoen boten absah.

Terkadang wonten tijang ngertos trep dateng lairipoen manoet taoen Djawi, nangking boten saged nggataken kalijan taoen Welandi, oepami wonten tijang lair 1 Soera Alip 1795. Poenika jén taoen Walandi taoen poenapa?

Soepados saged madosi, kedah ngertos salah satunggaling tanggal Djawi ingkang tjetjog kalijan tanggal Walandi kadosta: 14 Besar Dal 1831 = 24 Maret 1902. Sapoena 1 Soera 1795 - 1 Soera 1831 = 36 taoen. Salebetpoen samanten taoen wonten woentenipoen 14. (Péng: Ehé, Djé, Djimakir poenika woentoe, oemoer 355 dinten. Dadosipoen 36 taoen + 14 d. = 12758 dinten.

1 Soera 1821 - 14 Besar 1831 = 337 = dinten.

Dados 1 Soera 1795 - 14 Besar 1831 = 12758 d. + 337 d. = 13095 d.

24 Maret 1902 kaendoe 13095 dinten. 13095 d. = 365 d. × 35 + 320 d. = 35 taoen + 320 d.

Salebetpoen 35 taoen saking 1902 moendoer, woentenipoen 8 (taoen 1896, 92, 88, 84, 80, 76, 72, 68) 35 taoen + 320 d. = 8 d. = 35 taoen + 312 dinten.

24 Maret 1902 = 1901 taoen + 83 dinten (I Djanowari - 24 Maret) oetawi = 1900 taoen + 365 dinten + 83 d. = 1900 taoen + 448 dinten.

Poenika kasoeda 35 taoen + 312 dinten.

Kanton 1865 taoen + 136 dinten = 16 Mei 1866. Dados lair 1 Soera Alip 1795 = 16 Mei 1866.

Manoet tjonto poenika ladjeng gampil madosi dinten kalairan manoet taoen Walandi. poen P. D.

### WAWASAN BOEKOE.

I. F. M. Gescher, — INDIESE VRAAG-STUKKEN, — H. J. Dieben, Lange Kerkdam 6, Wassenaar (Holland); regi: f 1,20

Boekoe poenika tjanttingan. (22½ c. M.X 15 c. M. Iisi 93 katja). Pangetjapipoen tjeta, mawi gambar poenapa. Namoeng kawoela panjeratipoen temboeng manoet tjara Kollewij, kados ingkang sampoen katjeta wonten sesirahing boekoe.

Isinipoen boten kawon njenengaken. Ngrembag prakawis-prakawis Indoneesia babagan sosial-ékonomi, namoeng ingkang perloe-perloe kawoela. Gampil - gampilan (populair); lan djangkep. Ingkang dipoenrembag kadosta, Opvoedingspolitiek (politiek noentoen): tjam-poering bangsa Kiléan kalijan bangsa Indoneesia andadosaken kapitonean poenapa ing babagan kasoesilan. hygiëne lss. Cultuurstelt mesté kawoela inggih kadoemoek: Landbouw (tetanén), emigratie lsp.

Toedjoenipoen boekoe poenika: soepados para maos samia ngerots lan migatasaken dateng prakawis-prakawis ing Indonesia, ingkang mligi magepokan kalijan bangsa priboemi. Swantenipoen mrinani dateng bangsa priboemi. Minanai poenika sampoen saleresipoen, nangking swanten mrinani waoe sampoen kadadosna ambaléla (opro

Recept<sup>2</sup>

APOTHEKEN

**Rathkamp**  
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

:- AGENT  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA. :-Speda - speda merk:  
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.  
TOURIST: AA dan A.Ada sedia djoega speda merk:  
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.  
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55,—, f 65,—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Copper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.  
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.Mengharap pesenan:  
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:  
**WIRJOSOESENA**

Lodji ketjil 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.Adres jang  
moerahDJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-  
LODI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

## TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

## Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,

KAMHAR, LAKEN, TRICO,

TJITA-TJITA,

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,

RENTA-RENTA, MINJAK WANGI,

DASI, KRAAG, KOUSEN,

dan laen-laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

## Frieling's Glansverf A

(tjet gilap)

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2½	1	½ kilo.
sa - blèg . . . . .	9.—	4,75	2,50	1,10	0,60
Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg	10 Kilo . . . . .			f 6,50.	
	5 Kilo . . . . .			f 3,50.	
Frieling's Verflak no. 1	sa - gendoel			f 0,90.	
no. 2	" "			f 0,70.	
Lisah tjet Walandi	" "			f 0,50.	
Byta kanggé ngitjali tjet	" "			f 0,30.	
Artistico Calcarium	sa - Kilo			f 0,75.	
Glansverven (tjet gilap)	saben 100 K.G.	angsal soedan	10%.		

Pabrik tjet **R. B. FRIELING**  
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

## TOKO DJOEN &amp; CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan,  
wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan.  
Sabien kantongan boeboek saking Djoen wonten  
**COUPON MAWI REGI.**Srana nglempakaken  
kantongan dalasan couponipoen,  
para lengganan badé angsal pépinjunganipoen.  
Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:

JAVA KOFFIE No. 1 sa-pond f 1.—  
ROBUSTA " 1 " " 0,80

" " 2 " " 0,70

Tanggel tanpa tjampoeran.  
Jen badé njatakaken sadérèngipoen kopi mlebet  
ing gilingan, kenging.

Atoer hoermat,

Toko Djoen &amp; Co.

Bakda Lof, menjanji „Aan U o  
Koning der Eeuwen.” Menggah  
perloening arak-arakan boten sanès  
namoeng ngatingalaken soengkem  
kita dateng Sang Nata Kristoes.Woesana sabibaring Lof para  
kadang Katoelik sami manteuk so-  
wang-sowang kanti soeka lan gam-  
biraning manah, déné sampoen  
saged ngoendjoekaken tanda panem-  
bah ingkang samanten katahipoen.

## Seseboetan „Z. H.”

Énggal poenika K. G. Pangéran  
Arjo Adipati Mangkoe-Nagoro sarta  
K. G. Pangéran Arjo Adipati Pakoe-  
Alam sami antoek seseboetan „Zijne  
Hoogheid” saking Nagari (Regeering).Manoet Mataram saweg djaman  
pangreh Inggris, sampoen wonten  
seseboetan „His Highness” (= Zijne  
Hoogheid), namoeng seseboetan  
waoe boten kalijer déning Pangreh  
Walandi.Sareng-sareng poenika, sawenéh-  
ing radja-radja ing sadjawining  
tanah Djawi oegi angsal seseboetan  
„Zijne Hoogheid”.Mènget dinten toemboekan da-  
iem K. G. Pangéran Arjo Adipati  
Mangkoe-Nagara VII.Rikala 11 doemoegi 14 Sèpt. ing-  
kang kapengker poenika K. G. Pangéran  
Arjo Adipati Mangkoe-Nagara mènget dinten 16 taen-  
ipoen djoemenengen dalem. Nalika  
samanten Pandjenanganipoen medar  
sabda, ngandika roemaoes ledjar ing  
panggalih, déné sampoen saged  
ngadjengaken kwoela dalem ing  
Mangkoenagaran katanda tampingin  
paos pamedal wiwit 1922 tikel  
kalih, saréhne poenika mligi ka-  
pendet saking pamedal, mila nélakan-  
ken manawi para kwoela ingkang  
mindak pamedalipoen.Angsalpoen Landrente kémawon  
saweg 1917 = f 240.000, sapoenika  
= f 360.000 dados mindak 5%.Saplok djoemenengen dalem,  
poenapa-poenapa kagatosaken ka-  
dosta ngwontenaken leiding toja  
ngombé, njaékaken margi-margi;  
dadagangan madjeng margi won-  
tening bis-bis lsp.Panggénan - panggénan ingkang  
telas wit-witanipoen kadadosaken  
wana padjatosan lsp.Bab pamoelangan oegi mindak  
katah.K. G. Pangéran Arjo Adipati  
Mangkoe-Nagara taksih katah ingkang  
dipoenpangandikakaten. Sa-  
daja waoe nandakaken anggénipoen  
sanget anglaboehi kwoela. Mila  
pantes ingalembana. Moegi kapar-  
ringana teroes widada sagarwa  
poetra, moerakabi para kwoela  
sadaja noemoesi satanah Djawi.Kala Senèn 14 Sèpt. ing astana  
Mangkoe - Nagaran dipoenwonteni  
pistan, Ingkang Sinoehoen Kang-  
djeng Soesoehoenan sarta Kang-  
djeng Soelton poenapa malih K. G.  
Pangéran Arjo Adipati Pakoe-Alam  
toewin toewan Goepernoer keklik  
sami kasedahan.

## Angsal bintang.

Angsal bintang officier in de orde

van Oranje Nassau: Mgr. De Bac-  
kere, Pref. Ap. ing Soerabaja; bin-  
tang ridder in de orde van Oranje  
Nassau: Mère Clémence, Moeder  
groot klooster ing Djakarta, kalijan  
Mevr. Hoogveld-van Kleef, Pangarsa  
St. Melaniawerk ing Semarang.  
Kita ndérèk bingah!

## MANTJA NAGARI.

## PARANGAKIK kalijan ÉROPAH.

Mitoeroet oeselipoen Hoover,  
Djerman badé angsal inah anggénipoen  
ambajar samboetanipoen. Ing-  
gris moepakat, nangging Parangakik  
radi bredondi. Anggénipoen bredondi  
poenika boten anggoemoenaken;  
boten kok margi kraos badé soeda  
mljoenan pamedalipoen, nangging  
miris.Parangakik oenggoel djoeritipoen  
wonten ing perang ageng, nangging  
sadjatosipoen wiwit bedamèn Ver-  
sailles (1919) ngantos doemoegi  
sapoenika tansah boten djendjem,  
tansah koewatos jen dipoenwales  
ing mengsahipoen, i. p. Djerman.Wiwit kala samanten ingkang dodos  
rembagipoen nomer satoenggal:  
ndjagi, soepados Djerman sampoen  
dados kijat ingkang ngantos saged  
nglawan dateng pijambakipoen,  
nangging ndjagi oegi, soepados gadah  
ingkang noeloengi, manawi wonten  
tjilakanipoen dipointempoeh ing  
mengsahipoen. Watakipoen miris  
Parangakik kados makaten poenika  
andaiani dateng sasambatanipoen  
para pradja ing Éropah.Sabab poenapa Moratorium (oe-  
soelipoen president Hoover ingkang  
tjeta badé noeloengi Djerman, boten  
énggal dipointempoehat ing Par-  
angakik? Margi adjrih, bokmanawiDjerman ladjeng badé saged mbre-  
genggeng! Sabab poenapa Parang-  
akik andoewa klajan sasaged-saged-  
ipoen dateng Tol-Unie? Margi adjrih,  
Djerman badé mbregenggeng! Djer-  
Tol-unie ateges „Anschlusz” (ma-  
noenggil), lan „Anschlusz” ateges  
Djerman ingkang santosa; pitoeng  
dasa mljoen tanding kalijan kawan  
dasa mljoen.Kadjawi Djerman wiwit komprénsi  
ing London (1930) Mussolini oegi  
toemoet ngekesaken Parangakik.  
“Ing bedamèn Versailles moeng  
Parangakik tok sing olèh bat! Pa-  
rangakik toemeka saiki ngratoni  
Segara - Tengah (Middellandsche  
Zee). Andak koedoe diteroesaké?  
Endi hak - haké Itali?” Mangka  
kérénipoen kandel, pedangipoen mi-  
ngit-mingit!Sadaja pradja sami ngadjeng-  
adjeng datengipoen katentreman.  
Nangging katentreman waoe mesti  
boten badé njelaki dateng ingkang  
sami ngoenoes toembak, nganggar  
pedang, ngintjengaken mrijemipoen!

## INGGRIS.

Pangiridan. Kanggé andandosi  
finacie negari, ingkang boten nje-  
nengaken sanget poenika, regeering  
énggal sampoen ngladosaken oesoel  
pangridan. Mesti kémawon ladjeng  
wonten ingkang andoewa; malah  
sami kasedahan.damel motie poenapa, soepados  
ngwontenaken revolutie. Begdjani-  
poen ébah - ébah waoe sampoen  
saged katoempes babar pisan.  
Bénggolipoen, Dr. Pfreimer, sa-  
toenggiling advocaat ing Stiermar-  
ken, kepladjang.

## Parlement Inggris kabibarak?

Gandeng kalijan tindak pangiridan  
wonten kabar sriwing-sriwing par-  
lement Inggris badé kabibarakken,  
lan woelan ngadjeng badé dipoen-  
wontenaken pilihan.

## Dgedong séntral Katoelik.

Ing London sadérèn Katoelik sami badé  
ngedegaken gedong séntral kanggé  
pakempalan<sup>2</sup> Katoelik. Ing semo-  
gih badé kedadosan jektos.Datengipoen Mah. Gandhi. Gan-  
di ingkang dateng Inggris perloe  
toemoet komprénsi Médja - Boender  
datengipoen wonten ing Inggris ka-  
tampi kanti adamel tjingaking ngaga-  
katah.

## NEDERLAND.

Gentosipoen Mgr. Nolens. Ma-  
noet Aneta Mr. Aalberse tilas minis-  
ter pandamelan, kapiilih dados pa-  
ngarsanipoen De Kath. Kamerclub.Kekirangan langkoeng saking  
49 mljien. Begrooting kanggé ta-  
oen 1932 nedahaken badé kekirangan  
langkoeng saking 49 mljien roe-  
pijah. Déné oesoel rantjangan kang-  
gé noetoepi lowongan samanten  
poenika: I) njoeda blandjanipoen  
tijang ingkang taksih lamba, 50%;  
ingkang sampoen émah-émah, ing-  
kang blandja f 1000, kasoeda  
2½%, ingkang blandja f 2000 ming-  
gah kasoeda 5%. II) ngindakaken  
prabéja barang mlebet (invoerreck-  
en), lan benzine badé kenging pra-  
béja 3 sén saben 1 liter. III) nin-  
dakaken pangiridan sanès<sup>2</sup>ipoen.

## DJERMAN.

Ekonominiopoen. Doemoegi sa-  
poenika taksih megap-megap.Merangi bolsjewisme. Sinten  
ingkang boten toetoep mripat toe-  
toep koeping tamtoe soemerep, jen  
ing djaman roewet kados makaten  
poenika loemebeting bolsjewisme  
gampil sanget. Wonten pakempan  
Katoelik safoenggal ingkang matah  
warga njinaoe patrapipoen bolsje-  
wisme, soepados aksinipoen anti  
bolsjewisme langkoeng patitis.

## OSTENRIJK.

Meh dados karang abrit.  
„Heimwehr” ing rika sampoen  
ngwontenaken ébah-ébahwan ontran-  
ontran, ingkang sedyanipoen perloeSampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé  
laré èstri ingkang sekolah.  
Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken  
sarta dipointoentoen.Wragad mondok lan neda: f 15.—  
HARDJADININGRAT  
GOENOENG - KETOER — PAKOELAMAN — NGAJOGJAKARTA.ngwontenaken revolutie. Begdjani-  
poen ébah - ébah waoe sampoen  
saged katoempes babar pisan.  
Bénggolipoen, Dr. Pfreimer, sa-  
toenggiling advocaat ing Stiermar-  
ken, kepladjang.

DJEPEANG.

Badé perang? Poenapa éstoë  
badé kelampahan, poenika kilap.  
Nanging ingkang sampoen genai:  
manoet kabar Aneta Indopac.Djepang sampoen njoemetaken  
wadya - balanipoen ingkang wonten  
ing satjelaking kita Moekden (Mant-  
sjoeri Tiongkok sisih lér - wétan).  
Makaten poenika (mobilisasi) mre-  
tandani, jen wonten prakawis ingkang  
saged moeroegaken perang.TIONGKOK.